

# SIY YO PA TOUJOU EVIDAN PIGA INYORE SIY YO RAPÒTE ABI KONT TIMOUN



## Se responsabilite tout moun pou yo rapòte abi kont timoun

Chak ane nan Florida, gen dè dizèn de milye timoun ki sibi abi kont timoun; e abi sa a ka sou fòm abi fizik oswa abi seksyèl, neglijans, abandon oswa domaj mantal. Gen anpil lòt toujou k ap kontinye souffri paske yo pa janm rapòte abi yo fè sou yo. Selon lwa nan Florida, nenpòt ki moun ki sispèk yon timoun ka viktim abi oswa neglijans, moun sa a gen responsabilite pou l rapòte l.

### Kijan pou rapòte abi

Li byen senp pou rapòte abi epitou se yon bagay ki konfidansyèl. Menmsi ou pa gen tout enfòmasyon an sou ka timoun nan, ou ka rapòte abi a kanmèm. Enfòmasyon w genyen an ka kritik pou sove lavi yon timoun.

**[FloridaAbuseHotline.com](http://FloridaAbuseHotline.com)**



## Siy ki montre gen abi:

- ✖ Mètri oswa zo kase ki rive souvan
- ✖ Timoun nan absan lekòl souvan
- ✖ Retrè emosyonèl ki fèt sibatman
- ✖ Konpòtman agresif ki fèt toudenkou
- ✖ Kochma [move rèv]
- ✖ Move konpòtman lekòl
- ✖ Demontre yon laperèz ki irasyonèl lè li ale dè kote byen presi, lè li nan sèten sitiyaasyon, oswa lè li wè sèten moun.
- ✖ Retou a yon faz devlopman lè li te pi piti: L ap pipi nan kabann oswa l ap souse dwèt li
- ✖ Izolman sosyal [pa renmen rete bò kot moun]
- ✖ Mank dijjèn pèsonèl

## Rapòte abi kont timoun:

Pa telefòn: 1.800.962.2873

Pa faks: 1.800.914.0004

Pa sistèm pou moun ki gen pwoblèm

pou tande (TDD): 1.800.453.5145

Sou entènèt, nan: [FloridaAbuseHotline.com](http://FloridaAbuseHotline.com)



**LAUREN'S KIDS**

PREVENTING CHILD ABUSE  
HEALING SURVIVORS



*Safer, Smarter*  
COMMUNITIES

[www.LaurensKids.org](http://www.LaurensKids.org)